## ХУАРЗ ДÆР ÆМА ЛÆГЪУЗ ДÆР ХАТУНМÆ КА НÆ АРÆХСА, Е ЛÆГБÆЛ НИМАЙГÆ НÆЙ!..



***Константин ПАУСТОВСКИЙ (1892-1968), финсæг: «Дæ райгурæн бæстæ æцæгæй некæд бауарздзæнæ дæ маддæлон æвзаг ку нæ уарзай, уæд. Æ маддæлон æвзагмæ кудфæндий цæстæй ка кæсуй, устурзæрдæ ибæл ка ’й, е гъæддаг æй. Е ци æй, уомæй æй зæранхæссæг, уомæн æма е ’взагмæ кудфæндий цæстæй ка кæсуй, уой миуæ дзорæг æй æ адæми евгъуд дзамантæ æма нури догæ сау къапекки бæрцæ дæр ке нецæмæн гъæунцæ, уобæл...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№35 (1004) 2025 анзи 13 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман

### БАРУАГÆС УИ УÆД Е ДÆР, ÆМА ДУЙНЕЙ ЕУГУР ХУÆРЗТÆЙ ДÆР ЗÆРДИ ХУАРЗ ÆЙ ТÆККÆ ХУÆЗДÆР!..



# Æ ЦÆРАЙÆН ЦÆРАГÆНÆГ КУД УÆН!..

**Владимир Путин кæддæр уотæ загъта: «Цæмæй Уæрæсей адæмти æвзæгтæ ирæзонцæ, уой туххæй син гъæуама агъаз кæнонцæ электрон æма мухури фæрæзнитæ, гъæуама национ æвзæгтæбæл уагъд цæуа литературæ. Уæлдай æргом ба раздахун гъæуй скъолати сæ ахур кæнуни уавæрмæ...»**

**Уой зæрдиагæй ке загъта, уомæн бæлвурд æвдесæн ба иссæй, æрæги ке бафæдзахста Уæрæсей адæмихæттити æвзæгти Бон æвæстеуатæй иснисан кæнун, еци арфиаг гъуддаг. Бæрæггонд ба алли анз дæр цæудзæнæй 8 сентябри – номдзуд поэт Расул Гамзатови райгурæн бони. Еци бон цæмæ гæсгæ æвзурст æрцудæй, уой фæдбæл ба президент куд загъта, уотемæй таурæхъон «Хъурройтæ» («Журавли») ниффинсæг поэт æ маддæлон авайраг æвзаги æмбæрцæ ин зæрдтагон адтæй уруссаг æвзаг дæр, кæций фæрци æ исфæлдистадæ зундгонд æрцудæй æнæгъæнæ дуйней.**

**Махæн дæр еци хабар æхцæуæн гъæуама уа, уомæн æма Расул нин хеуон адтæй, ахид бабæрæг кæнидæ Иристон, нæ финсгутæй беретæ адтæнцæ æ хуæрз æрдхуæрдтæ. Мадта е ’мдзæвгæ «Хъурройтæ»-йи номæй ци еугурцæдесон литературон фестиваль арæзт æрцудæй, уой цардвæндаг дæр мах зæнхæй райдæдта.**

**Владимир Путин ма бафæдзахста Уæрæсей адæмихæттити æвзæгти туххæй федералон закъон бацæттæ кæнун дæр. Уæхæн закъон нæ маддæлон æвзаги туххæй арæзт æрцæудзæнæй Цæгат Иристони дæр. Е æнæмæнгæ гъæугæдзийнадæ æй æма гъæуама æнхæстгонд дæр æрцæуа зæрдæмæдзæугæ хузи. Цæмæй нæ маддæлон æвзаг гъæуайгонд цæуа æма цардгъонæй ирæза, нæ кæстæртæ ибæл фæлтæрæй-фæлтæрмæ æхцул уонцæ, зæрдтагон син уа. Уой фæдбæл нæ газети мухуркæнуйнаг ан хецæн æрмæгутæ. Сæ фицъцаги кæсетæ абони 4-6-аг фæрстæбæл.**

**Къари: ХЕТÆГКАТИ Къоста, ГУРДЖИБЕТИ Блашка, МАЛИТИ Геуæрги, БАГЪÆРАТИ Созур.**

### НОМЕРÆН



## Æ ЗÆЛЛАНГ ДЗУРД НÆРУЙ ДЗИЛЛИ ЗÆРДИТИ...

*Акæс ног дуджы цæхæрмæ…*
*Хъуысы йе ’фсæддон гæрах.*
*Знаг фæуадзыг ис йæ*
*хъæрмæ,*
*Кæс, фæлдæхы, цуды къах…*
*Чи у уый?*
*Зæххыл цъарыл*
*Тых кæмæн нæ ары тых?*
*Уый фæскомцæдис, –*
*Йæ бартыл*
*Афтæ чи хæцы хъæддых…*

Уотæ е ’мдзæвгитæй еуеми финста нæ искурдиадæгин поэт Хозити Яков. Æма кæд абони, гъулæггагæн, не ’хсæн нæбал æй – хуæрзæригонæй, æдеугурæй ибæл дууæ æма инсæй анзи цудæй, уотемæй æверхъауæй фæммард æй, – уæддæр нин æмдогон æй æ фæллæнттæй. Кæд нури рæстæгути фæскомцæдес дæр нæбал æй æма поэттæ дæр æндæр дзубандитæй кæнунцæ сæ зæгъуйнæгтæ, уæддæр нин Хозий-фурти зæлланг дзурд хецон æй. Æ рохс ном ин арфиагæй имисæн. Уомæн еума бæлвурд æвдесæн иссæй, хуæрзæрæги æ ном лæвæрд ке ’рцудæй æ уарзон Кировигъæуи астæуккаг скъолайæн, е дæр. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.

### ТУХСТ САГЪÆСТÆ

## «МÆ УОД ИСУНГÆГ УОГÆЙ ФИНСТОН...»



Нæ газети айразмæ номери ниммухур кодтан Уæрæсей финсгути Цæдеси дагестайнаг хайади сæрдар Миясат Муслимова Беслæни æверхъау фудбæлахи фæдбæл ци уац ниффинста, уой. Æма си уотæ загъта: «Æмдзæвгитæ мæ æригондзийнадæй фæстæмæ нæ финстон, уотæ бахъоди кодтон мæхецæн. Фал Беслæни фæсте ба… Айдагъдæр ма æмдзæвгитæ байзадæнцæ: мæ кæунгдзæг мин мæ хъаурæ басæттидæ æма кæугæй фестинæ мæ финсæн стъоли разæй… Фал уæддæр ме ’мдзæвгитæмæ раздæхинæ…»

Миясат Муслимовай уацмæ гæсгæ зæрдæ байвардтан е ’мдзæвгитæй кæцидæрти ниммухур кæнунæй. Æма сæ абони кæсетæ 7-аг фарсбæл.

***Иван ИЛЬИН (1883-1954), философ: «Цалинмæ сабий æ маддæлон æвзагбæл цурд кæсун байдайа, уалинмæ ’й æндæр еститæ кæсунбæл амидингæнæн нæййес. Идарддæр ба биййонти ’хсæн гъæуама æлдареуæг кæна маддæлон æвзаги цитгиндзийнадæ... Маддæлон***

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



### ХУÆЗДÆР ФАДУÆТТÆ ОНКОЛОГИОН СÆЙГИТÆН

Дзæуæгигъæуи 1-аг поликлиники бундорбæл байгон æй онкологион сæйгитæн амбулаторон агъази Центр. Раздæр уæхæн агъаз кодтонцæ еунæг къæбинети, нур уавæртæ фæппарахатдæр æнцæ: ес си процедуритæ кæнæн, гъæдгинтæ бæттæн къæбинеттæ æма бонигон стационар.

Уони фæрци сæйгитæ дæр æвзарунцæ уодæнцойнæдзийнадæ, дохтиртæ дæр сæ архайди ахедундзийнадæ æнкъарунцæ. Хайадæ байгон кæнунмæ ’рбацудæнцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Тебиати Сослан**, Æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади фонди разамонæг **Дзæгъойти Алан**.

Министр куд радзурдта, уотемæй сæйгитæ æма дохтирти нуриккон фадуæттæ зингæ фæххуæздæр кæндзæнæнцæ дзæбæхгæнæн мадзæлттæ, сæйгитæ сæхе хуæздæр æнкъардзæнæнцæ. «Национ проекттæ царди уадзунæн е ахсгиаг къахдзæф æй, республики онкологион агъаз раттуни равналæнтæ дæр зингæ фæххузæдæр æнцæ», – загъта Тебиай-фурт.

Раздæр сæйгæ адæм химиотерапи кодтонцæ хирургон сæйгæдони иннæ сæйгити хæццæ еумæ, нур сæ бон æй хецæн хайади, кезуй нæ лæугæй, медицинон агъаз райсунæн. Дзæбæх кæнуни мадзæлттæ фадуатгиндæр ке кæнунцæ, е бæрæг æй, 1-аг поликлиники сæйраг дохтир **Мецъати Зæлинæ** куд загъуй, уотемæй фиццаг медико-санитарон агъаз кæнунцæ, ардæмæ дзæбæхгæнæн мадзæлттæ райсунмæ цæунцæ Дзæуæгигъæуи рахес фарси цæргутæ.

– Национ проектти сæйраг бæрæггæнæнтæ æнхæст кæнæн, гъома, сæ нисантæ æма ихæстæ. Аци анзæй бавналдтан национ проект «Дæргъвæтийнæ æма сæрæн цард» æнхæст кæнунмæ. Уой фæрци нæмæ фæззиндтæй аци нæуæг хайадæ – онкологион сæйгитæн медицинон агъази Центр. Ами сæйрагдæр æй нез афойнадæбæл рартасун, сæйгитæ гъæуама унгæг, тухст уавæртæ ма ’взаронцæ, – фæббæрæг кодта сæйраг дохтир.

Аци национ проект фæззиндтæй Уæрæсей Президент **Владимир Путини** амунддзийнади фæрци.

***ДЖИХАТИ Стэллæ,***
***æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради пресс-службæ***

## ÆХЕ ЗУНДИ ГЪÆРМÆ КА НÆ ИГЪОСУЙ, Е ЦАРДИ ГЪÆРМÆ ДÆР НÆ ИГЪОСУЙ!..

# КОНД-УИНДÆЙ ÆНХÆСТ ÆМА ÆНÆНЕЗ АДÆЙМАГ – ЦАРДИ ФЕДАУЦÆ!..

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Парламенти адтæй цæлхæмбурд уæхæн темæбæл: «Физкультурæ æма спорти бунат æнæнез цардиуаги бундортæ федар кæнун æма уодварни хæзнатæмæ æргом æздахуни гъуддаги». Амудта æй Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**. Æмбурд исаразæг адтæй Парламенти национ политикæ æма фæсевæди гъуддæгути фæдбæл комитет.

Æмбурди архайгутæ – Парламенти депутаттæ, профилон министрадтæ, ведомствитæ, комитеттæ æма спортивон федерацити разамонгутæ, тренертæ, зундгонд спортсментæ – æрдзубанди кодтонцæ физкультурæ æма спорти къабази ахсгиаг фарстатæбæл æма сæ ралух кæнуни мадзæлттæбæл.

Æмбурд игон кæнгæй, Тускъати Таймораз рафæлгæстæй Цæгат Иристони гъæздуг спортивон историбæл æма бафеппайдта, адæймаг, спорти ка архайуй, уæлдайдæр ба уæхæн адæймаг Райгурæн бæстæ æма æхсæнадон царди алли къабæзти райрæзти ци ахсгиаг бунат ахæссуй, уой. «Спорт федар кæнуй адæймаги уодигъæди хуæздæр менеугутæ, æригæнтти гъомбæл кæнуй патриотон æма граждайнаг бундортæбæл», – загъта Парламенти Сæрдар.

Физикон культурæ æма спорт райрæзун кæнуни къабази ци барадон æма социалон фæззелæнтæ ес, уонæбæл æмбурди радзубанди кодта Парламенти профилон комитети сæрдар **Джиоти Геуæрги**. Куд загъта, уотемæй, кæдзос уæлдæфмæ зарядкæ кæнун ка уарзуй, уонæн уавæртæ анзæй-анзмæ хуæздæрæй-хуæздæр кæнунцæ. Хуæздæр кæнунцæ, спорти профессионалон æгъдауæй ка архайуй, уони уавæртæ дæр. Фулдæр æргом æздæхт цæуй сувæллæнттæ æма фæсевæди спорт, уæдта бæрзонд æнтæстити спорт райрæзун кæнунмæ, спортивон скъолатæ æма клубти материалон-техникон бундор федар кæнунмæ. «Абони республики ес 1 мин 300 спортивон объекти, уæдта, 21 мин 238 сувæллони кæми архайуй, 33 уæхæн спортивон косæндони», – загъта депутат. Уомæй уæлдай, Джиой-фурт дзубанди кодта хестæр кари адæм физкультурæмæ се ’ргом куд æздахунцæ, еци фарстабæл. Куд загъта, уотемæй физкультурæй архайунцæ еци кари адæмæн сæ 22 процентι. Идарддæр дзубанди цудæй, е ’нæнездзийнадæ гъигæдард кæмæн æй, еци адæймæгути спортбæл, спортивон косæндæнтти материалон-техникон уавæр æма æндæр фарстатæбæл.

– Абони аци рауæн æрæмбурд æнцæ спорти алли хузти минæвæрттæ, цæмæй æрдзубанди кæнæн сæ сагъæссаг фарстатæбæл, уомæн æма сæ сæхецæй хуæздæр неке зонуй. Фæсевæд сæхе хуарзæй кæми æвдесунцæ, спорти уæхæн хузтæ республики берæ ’нцæ. Арæзт цæунцæ уавæртæ, инфраструктурæ парахат кæнуй. Алли райони дæр ес спортивон косæндæнттæ. Фал, æригон спортсментæ никки æнтæстгиндæр цæмæй уонцæ æма æндæр бæститæмæ цæуни фæндæ ма кæнонцæ, уой туххæй аразун гъæуй хуæздæр уавæртæ, гъуддаг домуй фулдæр цæстуæхæнттæ ке ес, æма æ сувæллонæн физкультури уроктæй æй ка уæгъдæ кæнуй, уæхæн справкæ ке исмал кæнунцæ».

Тускъати Таймораз куд бафеппайдта, уотемæй аци рауæн гъæуй сувæллæнтти поликлиникити кустмæ ’ркæсун, æма æнæ медицинон бундорæй ахурдзауæн физкультурæй уæгъдæгæнæг гæгъæди ка дæттуй, еци дохтирти исбæрæг кæнун.

Физкультури ахургæнгутæ фагæ ке нæййес, уобæл адтæй æ дард, – дзурдта культурæ æма спорти министр **Фрайти Сослан**.

Республики ахурадæ æма науки министри хуæдæййевæг **Габети Вадим** æ раздзубандий е ’ргом раздахта, физикон культури ахургæнгутæ æма уæлæнхасæн ахуради педагогтæ кæстæр фæлтæри гъомбæлади ци ахедгæ бунат ахæссунцæ, еци фарстамæ, уæдта дæсни ахургæнгутæ фагæ ке нæййес, уомæ. «Фараст мин скъоладзауи равардтонцæ ГТО-й нормитæ, уонæн се ’мбеси бæрцæ райстонцæ ГТО-й сугъзæрийнæ майдан. Е, æнæмæнгæ, æй хуарзи нисан, – загъта министри хуæдæййевæг. – Фал лæгъуз нисанбæл банимайуйнаг æй, ниййергутæй радзубанди Цæгат Иристони паддзахадон университети физикон культурæ æма спорти факультети декан **Дмитрий Карасевæн**. Куд загъта, уотемæй сæ рауагъдонтæн айдагъдæр сæ 20-30 проценти бацæунцæ скъоламæ физкультури ахургæнæгæй косунмæ. Рауагъдонти 40 проценти рандæунцæ, æхца фулдæр кæми федунцæ, уæхæн спортивон коммерцион косæндæнттæмæ кенæ бустæги æндæр кустуæттæмæ. Уæхæн уавæрæн ес анхосæгтæ: физкультури ахургæнæги минкъий мизд, ниллæг социалон статус, скъолати спортивон залти материалон-техникон лæмæгъгомау бундор.

Физикон культурæ æма спорти райрæзтмæ республики Горæтгæрон районι ци цæстæй каст цæуй, фæсевæди уодварнæ багъæуай кæнуни æма сæ патриотон бундортæбæл гъомбæл кæнуни нисани хæццæ сæмæ циуавæр спортивон еристæ æма турниртæ арæзт цæуй, уобæл адтæй æ дзубанди районι бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæг **Есиати Русланæн**.

Накæ кæнун æма донмæ гæпп кæнуни Цæгат Иристони федераций президент **Гаджити Татьянæ** ба дзубанди кодта спорти аци хузæ Иристони рапарахат кæнунбæл, æма сувæллæнтти æнæнездзийнадæн куд пайда æй, уобæл.

Дзубандимæ байгъосуни фæсте æмбурди архайгутæ загътонцæ сæ гъудитæ, феппайуйнæгтæ, уæдта рахастонцæ унаффитæ æма амунддзийнæдтæ республики Хецауадæн, бунæттон хеунаффæйади оргæнтæн, Парламенти национ политикæ æма фæсевæди гъуддæгути фæдбæл комитетæн.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***





**Хорватий сæйраг сахар Загреби аци бон райдæдта уæгъдебарæ æма бердзейнаг-ромаг гъæбесæйхуæстæй дуйнеуон чемпионат. Цæудзæнæй 21 сентябри уæнгæ. Архайунцæ си куд нæлгоймаг, уотæ силгоймаг богалтæ дæр.**

**Уæрæсей нæлгоймæгти еугонд команди æй олимпаг чемпион Сидахъати Заурбег, силгоймæгти команди ба Тандселати Аминæ æма Кæсæбити Алинæ.**

**Не ’мзæнхон богалтæй ма чемпионати архайунцæ Махъоти Барис, Салхъазанти Таймураз, Гулати Æхсарбег, Цæкулти Батæрбег (Словакий номæй), Тускъати Азæмæт (Серби), Джиоти Арсений (Азербайджан), Уалити Чермен (Албани), Хубулти Ален (Болгари) æма Хосонти Азамат (Греци).**

**Хуцаубони, 14 сентябри бæрæггонд цæудзæнæй танкистти Бон. Е æй не ’мзæнхонти бæрæгбон дæр – беретæ си службæ кодтонцæ нæ Гæрзефтонг тухти, еци къабази. Зæрдиагæй син арфæ кæнæн.**

*æвзаг фиццаг бунати ке æй, уой туххæй ибæл гъæуама бийнонтæ еудадзуг дзубанди кæнонцæ. Дзубандий сæр ба гъæуама уа, æвзаг гъæздуг, аййев, уиндгун, ирд, рæстдзæвийнæ, исфæлдистадæй уæллæй есгæ – бунæй ахуадгæ ке æй, е...»*



ЦАРДÆЙ КАДГИНÆЙ, ЦИТГИНÆЙ ÆЙ ИМИСÆН...




Циртдзæвæн ХОЗИТИ Яковæн Кировигъæуи астæуккаг скъолай тургъи.



Кировигъæуи астæуккаг скъолай ахургæнгутæ БОЦИТИ Фиалетæ æма БУТАТИ Иринæ, директор ГАСАНТИ Лейлæ ахурдзаути хæццæ.

# АДÆМИ ЦИЙНÆБÆЛ УСТУР ЦИЙНÆЙ ЗАРДТА...

Уогæ ба ирисхъæн ци загъдæуа?!. Кедæрти берæ цидæр хуæрзтæй идзаг армæй барæвдауй, кедæрти ба æнай-æнойти карз æфхуæрд бакæнуй, кæд æма ин етæ рæстуодæй табугæнæг фæуунцæ, уæддæр…

Нæ искурдиадæгин поэт Хозити Яков е 'мдзæвгитæй беретæми имонау кæнуй Терк. Нæрæмон цæугæдони хузæн поэти гъудитæ баргъонæй ивулунцæ «Терчы хъаст»-и. Æй лирикон хъайтар æма цæугæдони æмдзубандий хузи. Терки загъдмæ гæсгæ, нуриуæнгæ ин æ догъи бæлвурд нисан нæ адтæй, уæд нур ба, нæуæг доги ин е фæззиндтæй: æ тухæй адæми цардамонди сæрбæлтау харз кæнун, турбинитæ зелун кæнгæй син рохс хæссун.

Æма ма Терк дес кæнуй лæхъуæни гъенцъунбæл: цæбæл кæнуй мæтæ æма сагъæс:

*«Кæд фаг æртивы мæй,*
*цъæх-цъæхид дары арв,*
*æрдз – хъæлдзæг, дуг –*
*сæрибар? Кæд у нæ*
*бæстæ дзаг цин, амондæй*
*нæ фаг æмæ дæ дзырд кæд у дæхи бар?..»*

Æмдзæвги медес – адæймаги размæ ес берæ ихæстæ, берæ нæдтæ, æцæг си равзарун гъæуй ахсгиагдæр ихæс. Æма кади над…

Хуæрзæригон поэт æ зæрдтагон бæлдитæ исгъæр кæнун рæстзæрдæй бæргæ бабарæ кодта Теркæн, æвæдзи, æнгъалдта уой фæлхъæзæнти хузæн æ исонибонтæ радæргъвæтин уодзæнæнцæ. Фал ибæл е ба гадзирахаттæй рацудæй – æ цардвæндаг ин æгæр рацубуртæ кодта, цардбæллон лæхъуæн ин æ цъæхъалти æхе куд рæвдудта, утемæй æй ранихъуардта… Аци æзнæт цæугæдони æртайгæй си ранихъулдæй… Цудæй ибæл дууæ æма инсæй анзи (1916-1938).

Аци æверхъау хабарæй фæрристæнцæ æнæгъæнæ дзилли зæрдитæ дæр. Нæ финсгути хестæртæй еу, Нигер (Дзанайти Иван) уой фæдбæл финст æмдзæвги («Амыр ис æвзонг зæрдæ») хъæбæр хъонц кодта:

*Оххай-гъе цы 'руадтæ русыл,*
*Судзгæ 'ртах мæ цæстæй!..*
*О, нæу диссаг дæр: æвгъауаг*
*Асхъиудтæ нæ бæстæй…*

*Цардмæ рауад хъазгæ, худгæ,*
*Дидинæгау, саби…*
*Уаих уа æруадис мæлæт…*
*Атыдта йæ, нал ис…*

*Фæлæ зæрдæ – цины зарæг –*
*Аззади уæлæуыл.*
*Уый æрттивдзæн хуры рухсмæ*
*Ингæнæн йæ нæууыл…*

*Чызг, чындздзон чызг, рацу, рауай,*
*Ноджы ды, йæ уарзон, -*
*Бахуда уæм йе 'мдзæвгæтæй*
*Яков – Майы фаззон.*

Хозити Яковæн æ цардвæндаг кæд æгæр цубуртæ раудæй, æма ин уой фудæй æ ирисхъæ уоййасæбæл нæ фæббæркадгин æй агъазиау цаутæ æма гъуддæгутæй, уæддæр ин нæ бон æй бæркадгин исхонун: æ фæллæнттæ æма исфæлдистадæй нæ æфтауй деси, æригон поэтæн цæйбæрцитæ бантæстæй, уомæй. Финста æмдзæвгитæ, аргъæуттæ, эпиграммитæ, ирон æвзагмæ тæлмац кодта уруссаг классикти уадзимистæ (поэзи æма прозæ). Деси нæ 'фтауй е дæр, æма цæйбæрцæбæл цардбæллон æма нифсхаст, цийнæйдзаг æма рохсхæссæг гъуддæгутæ аразунмæ разæнгард адтæй. Е 'мдзæвгити зингæдæртæй еуеми («Республикæ») уотæ финста:

*Фæнды мæ дæ цинып ыстыр цинæй зарын,*
*Октябрæн арфæ дæ номæй кæнын.*
*Фæнды мæ нæ бонты аккаг дзырд ыссарын,*
*Нæ дуджы æвзагæй мæ фæндтæ зæгъын.*

Хозити Яков æ рæстæги цаутæ æма хабæрттæмæ кастæй цæступарзонæй, æ уарзон адæми нифсхастдзийнадæ æма æнтæстити туххæй сæрустурæй финста:


СЕВЕРО-ОСЕТИНСКАЯ РЕСПУБЛИКАНСКАЯ
БИБЛИОТЕКА ИМЕНИ С. М. КИРОВА

НАУЧНО-МЕТОДИЧЕСКИЙ ОТДЕЛ
НАЦИОНАЛЬНЫЙ СЕКТОР

ПИСАТЕЛИ СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ

ЯКОВ ХОЗИЕВ

(1916–1938)

ПАМЯТКА ЧИТАТЕЛЮ

ОРДЖОНИКИДЗЕ 1956

*Ныр дæн цæттæ хъаруйæ, асæй.*
*Нæ дугæй райстон æз хъæлæс,*
*Æмæ цæхæр цæстыты 'нгасæй*
*Кæсын нæ фидæн бонтæм æз.*
*Кæсын æмæ уынын æрттивгæ,*
*Нæ нысан мах куы хоны дард.*
*Уæлахиз карз тохæй цытимæ*
*Æз хъусын фидæнæй нæ зард…*

Æригон поэт цæмæ бæлдтæй æма ци исуйнаг хуарздзийнæдтæмæ æнгъæлмæ кастæй, уони, гъулæггагæн, æхе цæститæй нæбал фæууидта. Не 'рæййафта уой дæр, уоййасæбæл хъæбæр ке амондмæ бæлдтæй, еци дзиллæй иронх куд нæ 'нцæ æ хъиамæттæ, абони дæр ма ин æ рохс ном ку цитгин кæнунцæ, уой. Уомæн бæлвурд æвдесæн æй, æ уарзон гъæу Кирови астæуккаг скъолайæн æ ном лæвæрд ке 'рцудæй, е дæр.

Аци æнæмæнгæ гъуддаг исаразуни туххæй дзубанди рагæй цудæй. Цæмæй Хозити Якови ном æ райгурæн Кировигъæуи астæуккаг скъолайæн лæвæрд æрцæуа, е хъæбæр фæндадтæй аци ахурадон артдзæсти алли æнзти разамонгути, ахургæнгути, раздæри æма нури рауагъдонти, е 'мгъæуккæгтæ æма аци гъæуæй рацæуæг дзилли. Æма уобæл зæрдиагæй ка байархайдта, уони хæццæ ба Якови хеуæнттæ, уони фæрци гъуддаг æнхæстгонд æрцудæй. Кировигъæуи астæуккаг скъолайæн æ зундгонд рауагъдон Хозити Якови ном лæвæрд ке 'рцудæй, уой фæдбæл си æрæги адтæй кадгин æмбурд.

Уоми архайунмæ берæ дзиллæ æрæмбурд æй – айдагъ аци гъæубæстæй нæ, фал Æрæдони районæй æма нæ республики берæ рауæнтæй. Тæккæ цитгиндæр архайæг ба си иссæй Яковæн æ кæстæр хуæрæ Асиат. Уомæн лæвæрд æрцудæй циртдзæвæн е 'мбæрзæнæй байгон кæнуни барæ.

Æмбурди ка 'рхайдта, уонæй кедæрти туххæй гъæуй сæрмагондæй зæгъун, уомæн æма зæрдиагæй берæ рæстæгути дæргъи архайдтонцæ æма нерæнгæ дæр ма архайунцæ Хозити Якови ном æма исфæлдистадæ æносон кæнунбæл. Уонæй еу æй Дзæуæгигъæуи Центрон киунугæдони бæстæзонæн хайади сæргълæууæг Дзугати-Мурасти Риммæ. Сæ киунугæдони е исаразуй æдзард поэти кадæн номерæн мадзæлттæ, æ рæстæги ба ин æ цардвæндаги æма исфæлдистади туххæй бацæттæ кодта сæрмагонд библиографион-зонадон киунугæ дæр.

Хозити Якови ном цитгин кæнунбæл рагæйдæр æновудæй архайуй е 'мгъæуккаг зундгонд поэт æма публицист Къадзати Станислав дæр. Рæстæгæй-рæстæгмæ исаразуй радиобакаститæ, сæрмагондæй ин æ ном иссеруй е 'мдзæвгити. Уонæй еу («Зынгхуыст поэтæн») мах дæр абони мухур кæнæн.

*Бæласæй цъæх фæткъуы дæр æрхауы,*
*Фæлæ æрдз куы нæ у раст:*
*Чи вæййы фылдæр æхххуыс Хуыцауæн,*
*Уый куыд айсæфы æваст!*

*Алцæмæн дæр батых кæны рæстæг,*
*Фæлæ нал вæййæм æнхъæл:*
*Не 'сызгæ Балцæджы цалх æрмæстдæр –*
*Хуыздæрты кæны дзæнгæл.*

*Бæласæй цъæх фæткъуы дæр æрхауы*
*Фæлæ æрдз куы нæ у раст,*
*Æмæ курын иунæг хорз Хуыцауæй –*
*Макуы кæн æвзонгæн маст.*

*Гъе та-иу гæнæн æмæ амалæй*
*Райдай æвзæртæй дæ рад!*
*Æз куы уон мæхæдæг дæр сæ балæй, -*
*Суадз-иу мыл дæ фыццаг фат!*

Кировигъæуи ци цитгин мадзал арæзт æрцудæй, е æхцæуæн гъуддаг æй. Еуемæй, гъæубæстæ сæ искурдиадæгин æмгъæуккаги ном уотæ ке искадгин кодтонцæ, уомæй. Иннемæй ба – æгайтима нæ дзиллæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ ке нæ иронх кæнунцæ нæ адæми уодварнон уæлиауддзийнади сæрбæлтау рæстуодæй æ цард ка иснивонд кодта, еци хъазауатгæнгути рохс нæмттæ нимади – уæлдайдæр ба кæстæртæмæ ке 'нцæ… Æма син уони фæдзæхститæ зундихуасæ æма рæствæндаггæнæг уæнтæ. Æма уомæ гæсгæ ба нæ абони дзубанди дæр фæууæн Хозити Якови мæнæ аци фæдзæхстæй:

*Кæн рухс æдзух,*
*Кæн алкæм рухс,*
*Куд нæ уа талынг мур дæр!*
*Кæн рухс ды,*
*Цалынмæ цæрыс –*
*Фæдзæхсын æз –*
*Нæ хур дæр.*

**МАЛИТИ Алетæ**

**Гъæди Уæрæсейаг Бон бæрæггонд цæудзæнæй авдисæри, 15 сентябри. Уой фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн Цæгат Иристони гъæди æма гъæдикустгæнæн къабази еугур косгутæн дæр.**

*Константин УШИНСКИЙ (1823-1870), педагог, финсæг: «Адæми æвзаги рохс, райдзаст, рæсог æрфитæй айдагъ райгурæн æрдзæ нæ исæрттевуй, фал адæми уоди фарни истори æнæгъæнæй. Фæлтæртæ кæрæдзей фæдбæл рацæунцæ, фал алли фæлтæрæн дæр æ царди медес*









# Æ ЦÆРАЙÆН ЦÆРАГÆНÆГ КУД УÆН!..

***Рæстæгæй-рæстæгмæ нæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити рафеллаунцæ аллихузон æрмæгутæ нæ маддæлон æвзаги абони уавæр æма æ исонибони фæдбæл. Кæцидæртæ си цæмæйдæрти æнцæ ерух сæмæ рахатуни аккаг, кæцидæртæ ба си ку нæ фæззиндтайуонцæ, уæд, баруагæс уи уæд, хуæздæр адтайдæ. Уомæн æма си пайдайагæй æгириддæр неци фæууй, кæрæй-кæронмæ си фæуунцæ федистæ æма фудкойтæ.***

## ÆХЕЦÆН КÆРДЗИН КÆНУН КА НÆ ЗУДТА, Е Æ СИНХОНÆН ДЗОЛГÆНÆГ ФÆЦЦУДÆЙ...

Уæлдайдæр ба си дигорон æвзаги нихмæ фаунтæй маргæйдзаг ка фæууй, еци радзубандитæ-бадзубандитæ. Еци сæнттæцæгъдгути фæндæ, гъома, дигорон æвзаг некæми гъæуй, æй фæсмойнаг. Уотæ фæсмойнаг æй сæ иннæ бæлдæ – цæмæй дигорон æвзагбæл сауæнгæ аййевадон литературæ дæр уагъд ма цæуа! Е æрра æма æдули гъуди æй. Æма уæд Гурджибети Блашкай, Малити Геуæргий, Багъæрати Созури исфæлдистадæ, нæ национ аййевадон литератури федауци федауцæ ба ци фæккæнæн? Мадта абони дигорон æвзагбæл фæлдесæг финсгути исфæлдистадæ ба ци фæууа? Дигорон æвзаги нихмæ кадæриддæр дзоруй, етæ ’нцæ хеваст, сæ миутæ ба нæхе зонундзийнæдтæн нæ адæми еудзийнадæ æма кæрæдзебæл æновуддзийнадæн зианхæссæг, æма уони хæццæ дзубанди кæнунмæ мæ сæр хæсгæ дæр некæд кодтон æма нæ хæссун – уомæн æма рæстадæ балæдæрунгъон нæ фæуунцæ, уæдта æ балæдæрун сæ фæндгæ дæр нæ фæккæнуй, æма мæ хуарз донмæ ци калун… Фал æнæдзоргæ дæр куд уæн – уомæ гæсгæ æгæр æдзæсгон кæнун байдæдтонцæ. Æма сæ ку нæ бауорамæн, уæд сæ миутæ ести фидбилизтæ расайдзæнæнцæ. Етæ сæхе, мæнæ ирон æвзаги сæрбæлтау тох кæнæн, зæгъгæ, æвдесунцæ. Фал е хийнæдзийнадæ ’й. Зæгъæн, газет «Рæстдзинад» кенæ журнал «Мах дуг» анзæй-анзмæ минкъийæй-минкъийдæр адæм ке рафинсунцæ, еци гъуддаги фудгин æй дигорон æвзаг? Кенæ ирон финсгути тиражтæ 300-500 экземпляремæй фулдæр ке нæ исунцæ æма уони дæр, зæгъун æнгъезуй, æлхæнæг нæйййес, æма уоми дæр дигорон литературæ ’й хъордарæг?

Дигорон æвзаги нихмæ дзоргути хæрандзийнади туххæй нуриуæнгæ дæр финстан. Фал бабæй абони нæуæгæй дзорун хумæтæги нæ багъудæй. Цæветтонгæ, Уæрæсей Президент Владимир Путин æрæги байхæс кодта нæ бæсти адæмихæттити æвзæгти туххæй сæрмагондæй федералон закъон æвæстеуатæй бацæттæ кæнун.

Æнгъæлдæн, цæттæгонд гъæуама æрцæуонцæ регионалон закъонтæ дæр. Уой фæдбæл, дан, куст цæуй Цæгат Иристони. Æма уой цæттæ кæнуни рæстæг бабæй базмалдæнцæ дигорон æвзаги æдзæстуарзонтæ – уавæрæй фæппайда кæнунмæ гъавунцæ, цæмæй еци закъони æ кой дæр ма уа дигорон æвзагæн, нæ уодварнон æцæгдзийнадæй бустæги еуварсгонд æрцæуа. Æма нин сагъæссаг куд нæ уа, еци æверхъаудзийнадæбæл архайгутæн, сæ фудвæндитæй ка фæффудевгед кæна, уæхæн нихкъуæрд лæвæрд æрцæудзæнæй.

Ами ма æнæ бафæрсæн дæр нæйййес: еци хилкъахгутæ уогæ ба ка ’нцæ æма ци ’нцæ? Цидæр гъæбесæйхуæцæг, цидæр эколог, цидæр æримисгæ æхсæнади хъозон… Æвзагзонунадæмæ æгириддæр ка неци барæ даруй, æ зундирахаст бустæги æнхæст кæмæн нæй, уæхæн фудæвзæгтæ. Гъулæггагæн, уæхæнтти æмдзæхдон рауайунцæ финсгутæй дæр кадæртæ, сæ ахъелæн дзурд æндзарæн согифадæггагæй уæддæр ести хузи багæлдзунцæ. Раст зæгъгæй, хаттæй-хатт сæ дзубандитæ уоййасæбæл хæрæ-уæритæ рауайунцæ, æма уотæ бангъæлæн дæр фæууй, цума, æгириддæр раст ке нæ ’нцæ, уæдта сæ зæгъдтитæ дæр æнæбундор ке ’нцæ, уой сæхуæдтæ дæр балæдæрунцæ.

## ЛÆГЪУЗБÆЛ СÆДÆ КЪАХИ ЕС, ДÆХЕ СИ БАГЪÆУАЙ КÆНÆ...

Кæд уотæ дæр фæууй, уæддæр, сæ миутæбæл ка æрфæсмон кæна, уæхæнтти хузæн ба нæ ’нцæ. Уомæн æма сæ кæнонтæ кæнунæй уоййасæбæл ниффæрскъитæ ’нцæ, æма сæ хæццæ дзубандитæ æма буцæутæ кæнæ, уой аккаг ба нæ ’нцæ.

Уæдта ма уой дæр зæгъуйнаг ан æма, баруагæс уи уæд, уæхæн дзæгъæлдзурдгæнгутæн æнадæ айдагъд дигорон æвзаг нæй, фал ирон æвзаг дæр сæ гъудий уоййасæбæл нæй – уонæн сæ бæлдæ æй иннæ адæми аци фарстай ристадæ ралхъев-ралхъев кæнгæй сæхе есестæййаг искæнун. Æма е ба æведауцæ нæ, фал тæрегъæддаг æй...

Æвæдзи син нæй зундгонд нæ фидтæлти фæдзæхст: ци гъуддаг нæ зонай, уоми дæхе ма тъунсæ, лæдæрд дин ци нæ уа, уой фæдбæл ма дзорæ, уомæн æма дæ дзубандитæ уодзæнæнцæ сæргъæн æма дæхе ходуйнаг кæндзæнæ. Куд уæмæ кæсуй, накæ кæнун ка нæ зонуй, е æхе донмæ ку гæлдза, уæд уой миуæ куд исхонун æнгъезуй? Хецмæрездзийнадæ? Гъо, фал растдæр уодзæнæй – æдулидзийнадæ.

Уомæ гæсгæ ба уой зæгъуйнаг ан, æма дигорон æвзаги нихмæ дзорун дæр æй æдулидзийнадæ. Уæдта лæдæргæ адæймаг уой æхецæн неци хузи исаккаг кæндзæнæй. Уомæн æма бæлвурдæй-бæлвурддæр æй: дигорон æвзаг цардгъон адтæй недзамантæй нуриуæнгæ, цардгъон æй нур дæр, федарæй уæ æууæндун кæнæн, исонибони дæр цардгъон ке уодзæнæй, уобæл. Æностæмæ цардгъон уодзæнæнцæ дигорон литературæ æма аййевадæ дæр.

Уой балæдæрунгъон, кенæ ба æ балæдæрун фæндгæ дæр ке нæ кæнуй, етæ ба алли дан-дунтæ имисунцæ. Зæгъæн, еу цалдæр анзей размæ нæ республики уæди Хецауади сæрдари хуæдæййевæгæн дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми ку райгъусидæ уæхæн загъд, гъома, Цæгат Иристони нæ мæддæлон æвзагбæл уагъд цæуй айдагъдæр еунæг газет – «Рæстдзинад»; æма, дан, зæгъун æнгъезуй, е æй нæ национ хæзна. Æма хецауадон архайæг дæр еци загъди хæццæ исаразийæй: «Æнæмæнгæ, газет «Рæстдзинад» æй нæ национ хæзна…» Аци хабари æнахурдзийнадæ е æй, æма уотитæ ка дзурдта, етæ, гæрр, уой нæ зудтонцæ, æма нæ маддæлон æвзагбæл ма уагъд ке цæуй еума республикон газет – «Дигорæ». Дууæ газети дæр æмбарæ ’нцæ, уомæн æма нæ республики Конституций куд федаргонд æй, уотемæй ирон æма дигорон æвзæгтæ ( диалекттæ хонун сæ, æвæдзи, бустæги раст нæй) нимад цæунцæ паддзахадонтæбæл. Æви кæмæдæрти Конституций фæткитæ нимади нæ ’нцæ?..

Аци æцæгдзийнадæ, æвæдзи, лæдæрунцæ æ нихмæ дзоргутæ сæхуæдтæ дæр, уомæ гæсгæ ба си сæ дзæнгæдати фарсхуæцæнæн неке некæдма ракодта нæ номдзуд ахургæндтæ æма дзурддзæугæ адæймæгути гъудити кой. Мах ба, цæмæй дигорон æвзаги нихмæ хæрайнæгти æдзæсгон миутæ раргом кæнæн, уой тухкæй æрхæсдзинан цалдæр дæнци:

## «КОМКОММÆ МАЛИЙ-ФУРТ КÆРÆЙ-КÆРОНМÆ РАРГОМ КОДТА ДИГОРОН ÆВЗАГИ АЛÆМÆТДЗИЙНАДÆ...»



**Васо АБАЕВ (1901-2001), академик:**

*Говоря о роли музыки и музыкантов в романтической поэзии Малиева, не могу не сказать о музыкальности самих стихов поэта. Она – уникальна в дигорской поэзии. Именно Малиев, и только он, сумел раскрыть и показать во всей полноте, какие красоты ритма, напевности, свободного и плавного течения таит в себе дигорская речь.*

*Вот несколько наудачу взятых отрывков.*

*Ци кæнуй, цума, ме ’лхуйнæ,*
*Ку нæбал зелуй дзæбæх?*
*Мæ цæститæбæл гъазунцæ*
*Сау нимæт æма сау бæх.*
*(Æлхуйнæ)*

*Или:*
*Нæй Дзулей зæрдæ æнцойнæ,*
*Йе æ фагæ нæ хуссуй, —*
*Æд æхсæвæ æд-æ-бонæ*
*И мæсугæй фæлгæсуй.*
*(Дзуле)*

*Или:*
*Куд ниххаудтæй мард и донмæ,*
*Уой æстъалутæ уидтонцæ...*
*Уой цæхъалтæ кæрæдземæн*
*Десæ-дзорæ фæккодтонцæ...*
*(Дзандзирахъ)*

*Или:*
*Сах не ’ркалдзæнæй хебари*
*Кедæр кизгæ цæстисуг, —*
*Дæ фæсмæрдæ номи кадæн*
*Гъæу не ’сдасдзæнæй мæсуг.*
*(Гудзуна)*

*Или:*
*И фарни тунæ*
*Æрфелауидæ, —*
*Уарзондзийнадæ*
*Æрфедар уидæ.*
*(Тæходуй, æна...)*

*Вслушайтесь в эти стихи. Раньше чем доходит до сознания их смысл, они уже покоряют своим чарующим ритмом и звучанием. Когда читаешь такие стихи, невольно приходят на память слова Белинского, сказанные им о стихе Пушкина:*

**Аци уацæн дæлсæргæндтæн ба æвæрæн ДЗАГУРТИ Губадий арæзт æмбурдгонд «Дигорон адæмон уадзæндзурдтæ»-й ист зæгъдтитæ, уæдта нæ номдзуд адæймæгути гъудитæ.**



***байзайуй æвзаги – сæ фæсте ка цæуй, уонæн бунæн. Алли нæуæг фæлтæр дæр маддæлон дзубандий хæзнадонæмæ бахæссуй, æ зæрди æрфити ци бæркæдтæ исæвзуруй, историон цаутæ ци тиллæг раттунцæ, уони: зундирахаст, æуæндæнтæ, хъонцтæ, цийнитæ...»***

*«Что это за стих! Он нежен, сладостен, мягок, как рокот волны, тягуч и густ, как смола, ярок, как молния, прозрачен и чист, как кристалл...»*

* * *

Абони дигорон æвзаг æма литератури нихмæ ка дзоруй, етæ номдзуд Абайти Васойæй зундгиндæр кенæ зонагæдæр æнцæ? Баруагæс уи уæд, æгириддæр нæ 'нцæ!.. Уомæн æма етæ сæ сæргъæн дзубандитæй хилкъахæнтæ аразунцæ нæ дзилли медастæу. Беретæ ба си сæ æведауцæ миути сауæнгæ Къостай рохс номæй æдзæсгонæй пайда кæнунцæ. Сæ еци къæсибадæгдзийнади фæдбæл син еунæг уой зæгъæн, кæд æма æфсæрми кæнунгъон æнцæ, уæд рохсаггаг Къостай тæрегъæди ма цæуæнтæ, уой бæсти сæ зæрдæбæл бадарæнтæ æма æнхæст кæнæнтæ уомæн æ фæдзæхст: «Ме 'фсымæртæ, кæрæдзи уарзгæйæ цæрут!..»

Мах ба идарддæр дæр ма æрхæсдзинан дæнцитæ.

## «ХУДУГ ДÆ КОДТОНЦÆ – РАЙГУРИСÆ БАБÆЙ НÆУÆГÆЙ!..»



**ХЪОДЗАТЫ Æхсар (1937–2021), Цæгат Ирыстоны адæмон поэт**

*Дыуæ ныхасы дыгурон æвзаджы тыххæй. Мæнмæ гæсгæ йын ирон æвзагимæ æмхуызон бартæ раттын хъæуы, афон у æнæсæрфат дискусситæн кæрон скæнынæн. Дæ нацийы арфдæр, фидардæр уидæгтæй иу барæй лыг кæн – уымæй æдылыдæр ми ма цы уа! Дыгуримæ иу туг, иу стæг стæм. Гъемæ бинонтæй искæцыйæн йæ дзыхыл цъутта куы æвæрай, дæлдзиныг æй куы кæнай, уæд бинонтæн æнгом уæвæн и? Искæцы дзырды истори нæ раиртасын куы фæфæнды, уæд ын йæ уидаг дыгурон æвзаджы куы агурæм æмæ йын йæ апмæ уый фæрцы куы баххæссæм, уæд цæмæн æвæрæм цæлхдуртæ нæхицæн? Уæдæ ныууадзæм дыгуры «сæ адыл» (Къостайы ныхас)! Уадз æмæ иримæ иумæ æмсæрæмдыхæй аразой сæ цард!*

*Телеуынынады æмæ радиойы программæтæм уæлæмхасæн фæйнæ сахаты æрдæджы куы бафтауæм (дыгурон æвзагæн), уæд ныл уымæй дæр ницы æрцæудзæни, хъæздыгдæр цы фæуæм, æндæр.*

Нæ маддæлон æвзаги ирисхъæбæл, уомæн æ дууæ къабазей æмбарæдзийнади туххæй дзоргæй, Хъодзати Æхсар дæнцæн ахид æрхæссидæ, «Дигорон æвзаг», зæгъгæ, ци æмдзæвгæ ниффинста, уой. Бакæсайтæ 'й, цæйбæрцæбæл зундгин гъудитæ си райгъустæй:

*Сæууон æртæхы сатæг рухсæй дæу*
*ысфæлдыстæуыд, сæнтыстæ нæ уарзтæй.*
*Дæ дзырдтæ мын – дзындзытæ 'мæ æргъæу,*
*куыд буц вæййын сæ тæмæнтæ,*
*сæ хъазтæй.*
*Мæ ныфсы уидаг, Уазайау мын лæуу*
*æнæцудгæ! Тъымы-тъыматы цъастæй*
*дæ фарн сыгъдæгæй абонмæ æрхастай.*
*Куынæ уай ды – мæнæн цæргæйæ нæу.*

*Хуыдуг дæ кодтой – райгуырдтæ-иу ногæй.*
*Дæу бахызта тыхгæнджыты æрдонгæй*
*Нæртон Нана, йæ бадæн уæд дзæнæт.*

*Дæ хурвæлыст æрвон зæлтæ куы хъусон,*
*уыдзынæн уæд Ирæф-донау æнусон,*
*уыдзæн цæлæт, нæ уыдзæни мæлæт!*

*Æнæмæнгæ ма зæгъун гъæуй уой дæр, æма Хъодзати Æхсармæ бæрзонд цæстиварди адтæй дигорон аййевадон литературæ, кадæ-радæй цитгийнаг ин адтæнцæ куд æ бундорæвæрæг, уотæ е 'мдогон дигорон финсгутæ дæр. Мæнæ, зæгъæн, куд финста Малити Геуæргий туххæй: «Бирæ сфæлдыстадон бынтæ нæ баззад Геуæргийæн – йæ фыстытæй ма нæм 'рхæццæ, йе 'рцахсыны размæ джиппы уагъд чи 'рцыд, æрмæстдæр уыдон. Уыцы уацмысты гуырæнтæ сты йæ иубæстон адæмы удысконд, зондахаст, се 'рвылбоны фыдæбон, сæ цинтæ, сæ ристæ, сæ бæллицтæ. Уымæ гæсгæ сæ адæм дæр сæ зæрдæмæ айстой арф, зыдтой сæ æнæ чиныгмæ кæсгæй. Поэты къухы æфтыди дуне, æхсæнад, æрдз æмæ удгоймаджы 'хсæн вазыгджын ахастытæ*



*ирдæй æвдисын.Сæ хъуыдыты æмæ æнкъарæнты тых, сæ музыкалон нывæст æма сæрибар улæфтæй Геуæргийы æмдзæвгæты æмæ кадджыты хуыздæртæ кад скæниккой цавæрфæнды номдзыд литературæйæн дæр («Зар», «Цъифæ рæстæги», «Гурусхæ», «Дзирасгæ», «Дзандзирахъ» æмæ æндæртæ).*

## «ДЫГУРОН ÆВЗАГ КÆЙ ИС, УУЫЛ ХЪУАМÆ ЦИН КÆНÆМ!..»



**ДЗАСОХТЫ Музафер, Цæгат Ирыстоны адæмон поэт**

*Рæгъмæ цы нæ рахæсдзыстæм, ахæм нæй. Дыууæ Ирыстоны ис, дыууæ диныл хæст стæм, дыууæ 'взагыл дзурæм. Ирыстонтæ æмæ динты кой æндæр ран æндæр уавæрты кæндзыстæм, фæлæ æз цалдæр ныхасы зæгъынмæ хъавын не 'взæгты тыххæй. О, дзурæм дыууæ 'взагыл æмæ цæмæй æвзæр у? Цæуылнæ хъуамæ дзурæм дыууæ 'взагыл, кæд Хуыцауы афтæ бафæндыд, уæд? Нæ адæмы æвзаджы рагондæр хуыз цардæгас кæй у æмæ ирон æвзагимæ æмцыд кæй кæны, уый кæй бахъыгдардта?*

*Ирæттæй-ма исчи йæхи дыгуроны бынаты авæрæд æмæ-ма йын ирæттæй исчи афтæ зæгъæд, мах иууылдæр иу адæм куы стæм, уæд цæмæн хъæуы дыгурон театр, дыгурон газет æмæ афтæ дарддæр, кæддæра йæ зæрдæмæ фæцæуид? Нæ фæцæуид. Уæдæ зæрдæмæ чи нæ цæуы, уыцы хъуыддаг кæнын дæр нæ хъæуы.*

*Мæнæн иу адæймагæй тынг æхсызгон у, дыгурон æвзаг æрдæгфæндагыл кæй нæ баззад æмæ æнусты сæрты махмæ кæй æрхæццæ, уый.*

*Не 'взаджы рагондæр хуыз зындзинæдтыл кæй фæуæлахиз, уый руаджы нæ ивгъуыдæй бирæ сусæгдзинæдтæ раиртасæн ис. Уый иттæг арф æмæ уырнинагæй равдыстой ирон æвзаг æмæ истори иртасджытæ, уæлдайдæр та Всеволод Миллер æмæ Абайты Васо.*

*Цæмæй, дыгурон æвзаг кæй ис, ууыл цин кæнæм, уый тыххæй æрхæссæн ис бирæ æвдисæнтæ... Уæдæ афтæ: дыууæ 'взаджы нæм кæй ис, уымæй тæрсын нæ хъæуы. Тæрсын хъæуы, иу æвзаг дæр нын куынæуал уа, уымæй. Уымæн æмæ уымæй æцæг тæссаг у.*

Дзасохти Музафери аци новеллæ иситан æ документалон уацау «Мæйты дæргъæн азтæ»-й. Мухургонд æрцудæй журнал «Мах дуг»-и 2010 анзи (№№8-9). Нæ маддæлон æвзаги ирисхъи туххæй нæ абони дзубандимæ гæсгæ ма си еума новеллæ уин уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнæн.

*«Цин æмæ маст æфсымæртæ сты. Хорз, æвзæр, фыд æмæ кард дæр... Ацы ранымад дарддæр ахæццæ кæнæн ис...*

*Мæ къах рысти, æмæ мæ мæ зонгæ афарста:*

*– Дæ къах куыд у?*

*– Куыд уыди, афтæ: хуыздæр нæ фæци, фыддæр дæр.*

*Хорз æмæ æвзæр ам дæр баиу сты, æфсымæртæ кæй сты, уый ма ноджыдæр иу хатт рабæрæг. Хорз уый у, æмæ мæ къахы рыст кæй нæ фæтынгдæр, æвзæр та – йæ рыст кæй нæ фæкъаддæр».*

## «ХУАРЗÆН Æ ФÆСТЕ ИСЛÆУУÆ ÆМА ДÆ ФÆУУИНДЗÆНÆНЦÆ, ЛÆГЪУЗÆН – Æ РАЗÆЙ, УÆДДÆР ДÆ НÆ ФÆУУИНДЗÆНÆНЦÆ...

Уотæ уæмæ нæ кæсуй, цума абони нæ маддæлон æвзаги ирисхъæбæл æнæуойдæр нæ зæрдитæ ке ресунцæ, е кæмæдæрти фагæ нæ кæсуй æма цидæр æнæбунати ардауæнтæй нин нæ рист æзгелунцæ, хицхиц нæ кæнунцæ. Уой бæсти рæстуодæй ку архайиуонцæ нæ маддæлон æвзаги нуриккон уавæр фæззæрдæмæдзæугæдæр кæнунбæл. Кæд уоййасæбæл лæгигъæдгун æнцæ, уæд уой бæлвурд гъуддæгутæй ку бавдесиуонцæ, зеууонæй ку бавналиуонцæ, нæ маддæлон æвзаги цæрæнбонæн хуарзæй ка фæппайда уодзæнæй, уæхæн мадзæлттæ аразуни фæдбæл хъæппæресдзийнадæй ку æскъуæлхиуонцæ.

Дигорон æвзаги абони уавæр цæмæй рæвдзæдæр кæна æма æ исонибон зæрдæмæдзæугæдæр уа, е, фиццаги-фиццагидæр, нæхецæй аразгæ 'й.

Уой фæдбæл ма æримисдзинан Хъодзати Æхсари еума нистауæн: *«Адæймаг йæхæдæг йæхицæн аргъ куы нæ кæна, уæд æй иннæтæ æппындæр ницæуыл нымайынц æма фæстагмæ джидзæггаг свæййы, хъазæнхъул дзы рауайы. Уый канд хицæн адæймæгтæмæ нæ хауы, фæлæ æнæхъæн адæмтæм дæр: ацы стыр æмæ змæст дунейы хи бахъахъхъæныныл удуæлдай тох хъæуы, æмæ уый кæй нæ фæнды, уыцы адæм иннæтæн свæййынц цагъартæ æмæ амæддæгтæ. Цагъарты та никуы ничи уарзта...»*

Хуарз æма ма нæмæ ес рæстзæрдæ адæймæгутæ, кæцитæ нæ адæми удварни хæзнатæбæл æновуд æнцæ, сæ багъæуай кæнунбæл сæ гæнæнтæ æма равгитæмæ гæсгæ зæрдиагæй архайунцæ. Етæ сæхе харзæй рафинсунцæ газет дæр æма журнал дæр сæ гъæубæсти цæргутæй беретæн, сæ хеуæнттæн, пенсиесгутæн… Уони туххæй сæрмагондæй радзоруйнаг ан нæ газети номертæй еуеми.

Нур ба уой зæгъуйнаг ан, æма бæргæ, уони ку бафæнзиуонцæ нæ дзиллæ æмхузонæй. Уæд уæхæн еузæрдиуондзийнади хуæрзагадæ е уодзæнæй, æма нæ маддæлон æвзаги нихмæ дзоргутæ дæр кæдимайди балæдæриуонцæ сæ миути нецæййагдзийнадæ æма банцайиуонцæ.

Исаразуйнæгтæ ба берæ 'нцæ, æма сæ сæйрагдæртæй еу æй, цæмæй нæ дигорон æвзаг багъæуай кæнуни æма идарддæри баргъондæрæй райрæзти нисанеуæгæй арæзт ка 'рцудæй, еци еугурреспубликон журнал «Ирæф» æма газет «Дигорæ»-йи фарс æнгомдæрæй æма гъуддагондæрæй æрбалæуун. Дигорондзийнадæ рæстуодæй табуйаг кæмæн æй, етæ гъæуама сæхецæн æнæмæнгæ æнхæст кæнуйнагбæл нимайуонцæ, уони рафинсуни æма кæсуни ихæс, цæмæй исуонцæ æнцæгæй еугурадæмон.

## ТИКИС КÆМИ НÆ ФÆУУЙ, УОМИ МИСТИТÆ ХÆККÆЛТИ ГЪАЗУНЦÆ...

Нæ маддæлон æвзаги (æ дууæ къабазей – дигорон æма ирон æвзæгти) сæрбæлтау дзоргутæй комкоммæ бæлвурд гъуддæгутæ аразунмæ ке нæ евдæлуй, фал уотид радзубандитæй æ «æновуддзийнадæ» ка евгъуйун кæнуй, уонæн ракæнуйнаг ан еу цæстиахедгæ цауи кой.

Цæветтонгæ, бийнонти гъуддаг бакæнуни сæ тæккæ кари ка адтæй, уæхæн ахургонд лæхъуæнти къуар байеу æнцæ æма гъæйтт-гъæйттæй исхуæстæнцæ нæ адæми ирисхъи фæдбæл дзубандитæ кæнунбæл, æз хуæздæр зæгъонæй буцæутæ кæнунцæ цидæр уæлвонг «национ сæйраг гъудидзийнæдти» фæдбæл, нæ си феронх æй, нæ адæми бæрцæ минкъийæй-минкъийдæр ке кæнуй, еци сагъæссаг фарста. Еци рæстæги сæ рази фæцæй еу рæстæмбес кари лæг, æригъуста син сæ дзубандитæмæ. Цæмæйдæрти сæ хæццæ арази адтæй, фал æй ку базудта, сæ еуемæн дæр си уосæ нæма ес æма уотемæй зæронд кæнунцæ, уæд син тингунæй бауайдзæф кодта:

– Уæ нецæййаг дзæнгæдатæ ниууадзетæ, ахургонд адæм ку айтæ, уæд дзубандитæй гъуддаг нæ ирæзуй, уой нæ зонетæ? Алкедæр уи уосæ ракорæд, тæккæ минкъийдæр æртæ сувæллони рауадзæд æма сæ Иристони аккаг багъомбæл кæнæд!

Аци таурæхъмæ гæсгæ мах дæр нæ маддæлон æвзаги «сæрбæл дзоргутæн» фæндуй зæгъун: «Уæ дзæнгæдати бæсти равдесетæ лæгдзийнадæ æма бæлвурд гъуддæгутæй нæ маддæлон æвзаги сæрбæлтау хуарздзийнадæ аразетæ!.. Уæ рæстæг нецæййаг дзубандитæбæл ма харз кæнетæ, фал уи алкедæр байевдæлæд æма байархайæд, цæмæй уæ алке мугкаг дæр фулдæр рафинса нæ национ мухури фæрæзнитæ!..»

6

***Измаил СРЕЗНЕВСКИЙ (1812-1880), филолог: «Фæрсун уæ, цума, æрдзи нихмæ тухмиуæ нæ уодзæнæй, æ маддæлон æвзаг ка нæма базудта, уæхæн сабийæн еци-еу рæстæг еу-дууæ кенæ æртæ æцæгæлон æвзаги амонун? Æрдзæ æхуæдæг уæхæн фæткæбæл хуæст нæй, уомæ гæсгæ ин æнæмæнгæ тухмиуæ уодзæнæй.***

# Æ ЦÆРАЙÆН ЦÆРАГÆНÆГ КУД УÆН!..

Аци лæги уайдзæф, кæд нæ адæми гъæздуггадæй еуей – æ бæрци фæдбæл адтæй, уæд æ гъудийæй зæгъун æнгъезуй нæ маддæлон æвзаги туххæй дæр, уомæн æма е дæр нин æй нæ табуйаг гъæздуггадæ. Æма 'й нур багъæуай кæнунгъон ку нæ исуæн, уæд, баруагæс уи уæд, нæ исонибон æдзæллаг рауайдзæнæй. Уæдта, уомæй ба нæ тæрсæн, æма, куд алцæмæй æнхæст адæмихатт, уотæ нин аккаг исонибон уогæ ба уодзæнæй?..

## «ДИССАГ У, УÆДÆ ЦИУ?..»



**ЦÆГÆРАТИ Максим (1916-1990), Цæгат Иристони адæмон финсæг**

*Горæты кæройнаг уынгтæй иу. Бонизæрмæ дзы машинæтæ дыууæрдæм кæнынц. Сахуыр сыл сты. Хъуыдыгæнæг дæр сæ нæй. Суанг ма сыл куыйтæ дæр нал рæйынц.*

*Сихæрттыл тигъæй æрбазынд цавæрдæр бæхуæрдон. Уæрдоны гуыффæйы – æнæдаст зæронд лæг. Йе уæнгтæ хурмæ æрлæмæгъ сты. Бæхы йæхи бар ауагъта. Хъæбæр фæндагыл къæрццъæрцц кæнынц бæхы цæфхæдтæ. Æвæццæгæн, сæфтджытæм хорз фидаргонд не сты.*

*Кæройнаг хæдзæрттæй иуы æрдæггом кулдуарæй йæ былтæ сдæргæ уынгмæ рахызти æрдæгæлвыд хъуынджынсæр къæбыла. Бæхуæрдонмæ æдзынæг ныккаст, стæй йæ бынатæй уыциу агайд фæкодта. Уынг куыдзæй айдзаг. Бæстæ рæйд, лæбурд сси.*

*Бæх сæм ницы йæ хъус æрдардта. Арæх ыл рæйынц. Канд ацы уынджы нæ – горæты иннæ уынгты дæр. Хъуыды дæр нал кæны рæйджыты. Цæуы. Кæм цапуал цыдæй, кæм та сабыр, йæ къахдзæфтæм хъусгæйæ. Рæйæнт. Уый йæ хъуыддаг зоны: уæрдон ыл ласинаг у æмæ йæ ласы. Æд зæронд хицау. Уынджы сæ нæ ныууадздзæн, сæ бынатыл сæ сæмбæлын кæндзæн.*

*Цæуыл сæрра стут сымах та, сыхы куыйтæ? Кæуыл уæ пырх калут? Цинтæ йыл хъуамæ кæнат. Æгайтма уæ уынгмæ æрбафтыд. Хъусут ма йын йæ уæззау цæфхæдты къæрцц-къæрцмæ. Куыд хорз сæ нымайы. Куыд хорз ыл фидауынц. Стæй куыд сæрбæрзондæй цæуы, уый та? Йæ хъуын хурмæ тæмæнтæ калы. Уынг сфидауын кодта. Сымах та … Диссаг уæм кæсы?*

*Диссаг у, уæдæ циу?*

## ТАЛИНГÆМÆ СÆДÆ НАДИ ЕС, РОХСМÆ БА – ЕУНÆГ...

Цæгæрати Максими аци радзурд «Уазæг» уомæн æримистан, цæмæй, дигорон æвзаги нихмæ хæрайнагæй ка архайуй, етæ кæдимайди балæдæриуонцæ, сæ «рæйунтæй» ке неци рауайдзæнæй, дигорон æвзаг ба недзамантæй абони уæнгæ табуйагæй ке цудæй æма ма берæ æности дæргъи дæр æндиудæй ке цæудзæнæй, уой. Уæдта ма уой дæр зæгъæн, æма дигорон æвзаг нæ фидиуæзæги иуазæг нæй, фал æнхæстбаргин хæдзайрон. Æма кадæртæ цийфæнди усхъæзæй ку фæйййархайуонцæ, уæддæр æй неке некæд исæцæгæлон кæндзæнæй.

Уой дæр ма зæгъуйнаг ан, æма ирон лæг Цæгæрати Максимæн дæр дигорон æвзаг уæлдай цитгийнаг адтæй, зæрдиагæй агъаз кодта, дигорон фæсевæдæй финсæги ирисхъæ ка равзурста, уонæн.

Берæ æндæр зæгъуйнæгтæ ма нæмæ ес æма уони туххæй нæ гъудитæ зæгъунæн идарддæр дæр амал кæндзинан равгитæ. Уæхæн дзубандий æнæмæнгæ гъæуй, цæмæй нæ еугур дæр балæдæрæн уой, æма нæ нури æзнæт рæстæгути фидбилизтæй ервæзт уодзинан, нæ номдзуд хестæрти ку фæнзæ сæ курухондзийнадæй, уони зундамонæг фæдзæхститæ зæрдæмæ райсгæй, еумæйагæй æмзунд-æмвæндæй ку архайæн, нæ маддæлон æвзаги дууæ къабази дæр нин хецон æма зæрдтагон куд уонцæ, уобæл.

Уой фæдбæл еу гъуддаги туххæй зæгъуйнаг дæн. Кæддæр ми газет «Рæстдзинад»-и редакци ракурдтонцæ, цæмæй нæ маддæлон æвзаги абони уавæр æма исонибони туххæй зæгъон мæ гъудитæ. Аци фарстай фæдбæл радзорæ-бадзоритæмæ уоййасæбæл тулаваст нæ дæн – уотæ гъуди кæнун æма уотид дзубандити бæсти бæлвурд гъуддагæй архайун гъæуй, цæмæй нæ маддæлон æвзаг зæрдæмæдзæугæ цардгъон уа. Фал уæддæр исарази дæн. Æма мæ гъудитæ ба ниффинстон иронау. Цæмæн, уой туххæй ба загътон: «Абон æз, дыгурон газеты сæйраг редактор, мæ зæгъинæгтæ фыссын иронау. Уый дæр уымæн, æмæ нæ мадæлон æвзаджы кæцыдæр къабазыл чи не 'рвæссы æма йæ ныхмæ чи дзуры, уыдоны фыддæрадæн – уадз æмæ йæ зоной, мæнæн нæ мадæлон æвзаджы дыууæ хуызы дæр сты хион æмæ зæрдтагон, мæхицæн æй стыр амондыл нымайын, сæ дыууæйыл æмбæрцæй дзурын дæр, фыссын дæр æмæ кæсын дæр мæ бон кæй у, уый.

Уæдæ мæм хæлæг кæнут, нæ адæмон æвзаджы «сыгъдæгдзинадыл» къæркъæргæнджытæ!..»

## СОР ДЗУБАНДИ ХУМÆ НÆ КÆНУЙ, ХУАСÆ НÆ КÆРДУЙ...

Нæ зонун, мæ аци загъд мин фегъустонцæ æма 'й цæмæ гæсгæ загътон, уой балæдæрдтæнцæ. Фал ма уой зæгъуйнаг дæн, æма нæ газети ахид мухур кæнæн ирон æвзагбæл æрмæгутæ, уæлдайдæр ба ирон финсгути туххæй уацтæ æма сæ уадзимистæ. Мæнæ нæ абониккон номери дæр мухур кæнæн, нæ искурдиадæгин æдзард поэт Хозити Яковæн æ уарзон Кировигъæуи астæуккаг скъолайæн æ ном лæвæрд ке 'рцудæй, уой фæдбæл еци ахургæнæндони арæзт кадгин мадзали туххæй æрмæг (3-аг фарсбæл). Зæгъун ма гъæуй уой дæр, æма нæ дигорон финсгутæй беретæ ке финсунцæ уадзимистæ ирон æвзагбæл.

Аци фæткæ нимайæн раст æма арфиагбæл, нæ адæми хелæдæрундзийнадæ æма баргъондзийнадæн пайдахæссæгбæл. Мадта нæ уæд цæмæннæ бафæнзунцæ сæхе Иристони хуæрзагади сæрбæлтау тохгæнгутæ сæхе ка хонуй, уотемæй ба усхъæзæй ка дзоруй дигорон æвзаги нихмæ, æцæгæлон ка кæнуй æма нæ цардарæзтæй райеуварс унмæ ка бæллуй, етæ? Нæ фидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн загъд: «Фæстæмæкъохтæй конд хæдзарæ тагъд ихæлуй!..» Раст гъе уой хузæн æнцæ, нæ абони цардарæзтæй нин цæрагæнæг кæмæн гъæуама кæнæн, нæ адæми еци уодварнон хæзнадзийнæдтæй кæцидæртæбæл бахъоди кæнунмæ ка гъавуй, еци «фæстæмæкъохти» миутæй дæр.

* * *

Нæ абони радзубаний кæронбæттæни ба нæ дзиллæй корæг ан: мæнæ нуртæккæ нæ маддæлон æвзаги туххæй ци закъонбæл цæуй куст, е цæмæй зæрдæмæдзæугæ æма цардгъон разинна, уой туххæй си еуварс ма уæн æма, уæддæр си ци рауайдзæнæй, зæгъгæ, æвæлмонæй æнгъæлмæ ма кæсæн. Гъæуама бæрнонæй байархайæн еци гъуддаги, нæ зæгъуйнæгтæ балæдæрун кæнæн, еци закъон бацæттæ кæнун кæмæн ихæсгонд æй, уонæмæ. Уомæн æма етæ сæхуæдтæ алцидæр бахинцунгъон исуодзæнæнцæ, уобæл уоййасæбæл зæрдæдарæн нæййес. Мах дæр уой фæдбæл æрмæгутæ мухуркæнуйнаг ан нæ газети идарддæри номерти.

***САКЪИТИ Эльбрус***



***Дигорон æвзаги алæмæтдзийнадæбæл дзорæг æй, Уæрæсей æма фæсарæйнаг номдзуд финсгути уадзимистæ нæ искурдиадæгин тæлмацгæнгутæ дигорон æвзагбæл хуæрзаййевæй дигоронау ке райгъустæнцæ, е дæр. Уотæ Расул Гамзатови æмдзæвгитæ дæр.***

### ХЪУРРОЙТÆ

*Мæнмæ кæсуй хатгай, цума салдæттæ, –*
*Ка не 'сцудæй тогæйдзаг будуртæй,*
*Аци зæнхи не 'рхустæнцæ кæддæрти, –*
*Фал уорс хъурройтæ 'ссæнцæ æмбурдæй.*

*Еци дзамантæй етæ нури уæнгæ*
*Тæхунцæ 'ма дзорунцæ асæстæй,*
*Кæд уотæ арæх 'ма æнкъардæй, уомæ гæсгæ,*
*Мах нигъгъос уæн, уæлæрвтæмæ кæсгæй?*

*Абони, изæрмелтæбæл, хъурройтæ,*
*Уинун æз, куд тæхунцæ мегъи раст.*
*Адæм уогæй, будурти ма гъеууотæ*
*Етæ хаттæнцæ, не 'халгæй сæ баст.*

*Етæ æмраст тæхунцæ сæ даргъ надбæл,*
*Райгъусуй кедæр нæмттæ сæ хъуртæй,*
*Кæд уомæ гæсгæ хъурройтæн се 'взаг дæр*
*Æнгæс даруй авайрагмæ муртæй?*

*Тæхуй, тæхуй фæллад цорк арви мали,*
*Бони кæрони мегъи æй æ тахт.*
*Еу мингий цох дæр ес балæн æ хали,*
*Ка 'й зонуй, 'ма е ба æй мæн бунат!*

*Еу бон растдзæй, – хъурройбалæн æ хæццæ*
*Гъеуæхæн цъæх тари ранайдзæн æз дæр.*
*Маргъæй дзордзæн уæлæрвтæй сумах нæмттæ, –*
*Ке уи ниууагътон зæнхæбæл кæддæр.*

***СКЪОДТАТИ Эльбруси тæлмац***

### МАДДÆЛОН ÆВЗАГ

*Фун алкæддæр лæги æфтауй десбæл.*
*Æз фæууидтон фун: мæ мæлæт мæмæ æрцудæй.*
*Мæ уод æз истон еу тæвдæ бони æмбесбæл*
*Дæгестани, нæмуг мæ реуи адтæй.*

*Хæлхæлæй уадæй хуæнхаг саугæдонæ мæ цорти.*
*Нæ гъудтæн неке, феронх кодтонцæ мæн…*
*Хуссун æнцад мæ райгурæн зæнхи дортæбæл*
*Æма – рæхги мæ мард сикъити уодзæнæй.*

*Цума мæлун æма мин неке зонуй*
*Ме 'сæвди хабар, – нæбал игъусуй мæ гъæр,*
*Æрмæст ниууасунцæ цæргæстæ бæрзондæй*
*Æма ниннæтунцæ хъуазтæ ба кæмидæр.*

*Æма кæуæг мæнбæл нæ зиннуй абони,*
*Æригонæй æдзард ке фæдтæн æз, –*
*Нæдæр мæ мадæ, нæдæр хæлар, нæ – уарзон,*
*Нæййес, нæййе, не 'гъусуй гъарæнги гъæлæс.*

*Гъе уотæ мардтæн, цардæй кодтон хецæн.*
*Æваст дин игъосун: Адæм мæмæ æмвахс*
*Æрбацæуунцæ æма кæунцæ сæхецæн*
*Раст ме 'взагбæл – авайрагау, – дзубанди.*

*Ку игъустон дзорун маддæлон æвзагбæл,*
*Уæд кодтон æз æгас, уолæфгæ – фагæ.*
*Уæд балæдæрдтæн: мæ хуасæгæнæг æй рагæй…*
*Ка? Дæсни? Дохтур? – маддæлон æвзаг!*

*Ес уæхæнттæ, сæ нези хай син райсуй*
*Кедæр æвзаг, – ду уонæй нæ дæ.*
*Æма кæд ме 'взаг фесæфдзæй исон,*
*Уæд абони æз мæлæтмæ дæн цæттæ.*

***МÆРЗОЙТИ Сергейи тæлмац***

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Дронов Никитæ Дорофейи фурти райгурдбæл 14 сентябри æнхæст кæнуй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1900-1961). Мæздæги район æ райгурæн гъæу Троицкойи гъæунгтæй еу хæссуй æ ном, кæми цардæй, еци хæдзари фарсбæл ба æвæрд æй къæйдорæй конд мемориалон фæйнæг.**

***Æрдзæ уæхæн менеугутæй гъæуайгонд ке æй, е бæрæг æй адæми ирисхъæй дæр. Дууæ адæми ку байеу унцæ, уæд син дууæ æвзаги нæбал фæууй, фал еу: дууæ æвзагемæй еу кенæ мæлгæ ракæнуй, кенæ ба дууæ æвзагемæй еу рауайуй, фал си уæддæр еу инней æ дæлбарæ искæнуй, æхуæдæг ба сæйрагдæрбæл нимад æрцæуй...»***



## КЪУÆРУН ИБÆЛ МÆ КЪОХТÆ

Нæбал æнцæ зæнæг, фиди фарнæ исæвд,
Басугъдæй мади зæрдæ цъæх арти.
Азæлуй седзæргъæр, æгудзæг, æнæндæвд,
Сæ разæй бацудæнцæ сæ хуæртæ.

Мæхемæ дæр æппун нæ игъусуй мæ гъæр,
Мæ тогæй æ сау зæнхæ нихснадтон.
Нигъгъаветæ дзæбæх, куд æнгъезуй уæлдæр
Æз мæ арми дæ рун мæ фæстаг бон.

Разиндтæнцæ фæливд, ци дзурдтæ, ци дуйне,
Рамæ марæ цурддæр, æз нурма уодæгас дæн.
Ду æдæ тогмондаг, æфсæдæн дин нæййес,
Зæнхæбæл æуууæнкхуар, æлгъистаг дæ.

Рамин марæ ме ’нтæст, мæ нигъгъæр, мæ никкуд,
Марæгмæ кæд гъардта уодхъурдохæн.
Дууемæй дæр кæд ан еу Хуцауæй игурд, –
Уæд ибæл æз къуæрун дууæ къохи.

***Уруссаг æвзагæй æй ратæлмац кодта***
***КОЛИТИ Витали***

## ДЗЕРАССÆ

Сæмбырд кæнут – фестин та æз буар.
Иугай улæфт бауадзут – улæфин.
Ног хъæдгомау бабæттут мæ дард.
Саби та æз фæныкæй ыскæнин.

Зæхх, цы кодтай? Бахус дæ, нæ мад?
Ма мæм кæс дæ дзыхъхъытæ-цæстытæй.
Бамбæхстай мæ хъæбулæн йæ мард.
Туг нæ кæлы ногæвæрд хуыдтытæй?

Басыгъди, куы ныссау и. Мæн у?
Урс хызау куы гом кæнын мæрдвæлыст.
Зæхх, цыма хæцыдтæ ды мæныл,
Афтæмæй æнæбын арф – дæхи рыст.

Иу дадали. Бур фæнык. Æмбæлд –
Разгъæлдысты урс-урсид фæрдгуытæ.
Дуртау ысты сау зæххыл æвæрд.
Æз куы зонын ацы урс рæнхъытæ!

Ай цы ссардтон? Бауазал мæ буар.
Базыдтон мæ хъæбулы дæндæгтæ:
Раззæгтæ – зылынтæ, иу дзы – даргъ.
Байстон сæ мæ зæрдæмæ хæстæгдæр.

Ба кæнныл йæ фæхудтæн. Хъæр у?
Иуварс, иуварс! Мæ сæ исут къухтæй!
Марæгмæ йæ ахæссон? Мæн у...
Кæд Хуыцауæй а зæххыл фæцух дæн?

Уæд ды та цæмæн чиуыс, нæ зæхх?
Сæмбырд и дæ цъæх къуылдымты сау зын?
Радтон дын мæ судзгæ туджы ’ртæх.
Уымæн – авдæн, у мæнæн та азым.

## ЦРÆСТÆДЖЫ ЦЫД МÆНÆЙ УÆД ФЕРОХ

Рæстæджы цыд мæнæй уæд ферох, уастæн.
Цъысым у дуне – айрох и мæнæй.
Беслæны иу саби куы рацæйхастон,
Цæмæй хызт уа рæмыгъд æмæ зынгæй.

Мæ фырт, ды ма ’нхъæл, ацы сау бон цард у,
Æмæ нæ цардæн бартæ нæй æндæр.
Мæ дыууæ армы хъарм æмæ сæ хъару –
Ыстыр бæстæты хъомысæй фылдæр.

Мæ чысыл хур, у амондджын, æвæлмаст.
Нæ зæххыл уыйау ницы ис хъазар.
Зæрдæйы фæлмæн у тыхджындæр тасæй.
Кæмæ ис намыс, никуы у цагъар.

Нæ дыууæ алæууæм лæгтау æнæ сым.
Мæ къухты саби – куывд æмæ цырагъ.



## Миясат МУСЛИМОВА:

# «МÆ ЗÆРДÆ НИДДУНСТÆЙ ÆВУД УОДТИ ГЪЕЗÆМАРÆЙ...»

Мæ фæдон ды ысуыдзынæ, мæ мæсыг.
Æппæт сабитæн уæд сæ рыст мæ уаргъ.

Мæ дæрзæг къухты – сабийæн йæ рустæ.
Хъысмæт æркодта абон ардæм мæн.
У стыр амонд, дæ улæфт дын кæй хъусын,
Кæй ис мæнæн «спецназ»-ы ном хæссæн.

## ИСЛАМ

*Æмæ дæ æркодтам фæстæмæ дæ мадмæ,*
*Цæмæй йæ цæстытæ барухс уой,*
*æмæ æнкъард ма кæна.*
*Хъуыран. Сурæ 20 – 41*

Æвзонгадæн нæй ивгъуыд –
Фæстæмæ йын нæй цыд.
Фæлæ уæддæр нæ хъуыдæг
Нæ зоны, нæ, æмгъуыд.
Мæ мад, мæ фын хъыгдарыс,
Фæсидыс мæм ды, раст
Дæ уарзæгой Исламы
Кæныс цыма æгас.

Сæдæйæм хатт та бадыс
’Мæ киномæ кæсыс –
Нырма мæ дзы æгасæй,
Æнæзиан уыныс.
Цыбыр кинойы нывы
Дæ цæстыхаутау раст
Цæсгæмтты ’хсæн æрттивы

Мæ иу фæрсмæ фæкаст.
Кæмæ фæхудтæн мидбыл,
Беслæн зæгъдзæн кæддæр:
Ныййарæгмæ æрцыдтæн
Æз худгæйæ уæддæр.
Нæ фембæлдтæ нæ фæуынц,
Фæлхат кæнынц æдзух.
Сæ лентæйыл – цъæррæмыхст,
Нындзыг и пультыл къух.
Цæф бирæгъау та æхсæв
Ныббогъ кæндзæн фæндон.
Йæ куырм цæстытæ ’мбæхсгæ
Фæфæстæ уыдзæн бон.
Фæкуыдтой йыл æгæр дæр.
Нæ удтау у уый фаст.
Уыдтæн дæуæн нысангонд,
Фæстаджы бонмæ барст.
Ох, иунæгæн йæ уæз та
Æз бамбæрстон хуыздæр,

Куы баззадтæ мæ фæстæ
Хæрз иунæгæй ды дæр.

Мæ зæрдæ сыл нæ дарын:
Кæрон нæ цардæн нæй.
Хуыцауы дин нæ барын
Ыздыйы къæрттытæй.
Цæмæ фесты, – мæ сонты
Дæн ауæттæ фæрсæг, –
Нæ зæххы сæфты бонты
Нæ сабитæ фыццаг?

Æууæнкдзинад лæвар у
Æви йæ фæнд лæгæн?
Æви уый фестад арæн
Мæлæтæй царды ’хсæн?
Нæ мын ныууагътой бар дæр
Фыд уæвын æмæ фырт.
Мæ хъысмæт мын мæ хæдзар
Ныззмæлын кодта ныр.
Уон, ма уон? Дзуапп куы дæтты
Нæ скъолайæн йæ зал.
Æз Летайы знæт дæттæн
Ныббæтдзынæн сæ хал.
И гаккæвæрд рæстæгыл.
Уæлобау ингæн – къахт.
Æрфæны рухс æфцæгыл
Тæхæм уæларвмæ мах.

Фæлæ, мыййаг, ныр иууыл
Ныхæстæ сты æрмæст...
Мæ туг ныккалд, ныр уымæй
Кæд бафсæдид сæ хæст?
Куы равзæрстон рæстады,
Ныфсы тыхау æз цард,
Хъысмæт – цыма æвзонгад.
Æз уарзтæн хордтон ард.
Зыдтон æй – дæн æнусон,
Мæ ном кæй у Ислам.
Æнæ дзуапп, æнæ сым
Нæ разынди Беслæн.

Уæхски-уæхскæй лæудзыстæм.
Зæгъдзæни сын Ислам:
«Нæ хæдзæрттæм цæудзыстæм.
Ныфс сафын у хæрам».
Дзырдтон æмæ æууæндыдтæн,
Уырны нырма дæр мæн:
Бæрцбарæн сты мæ куывдтытæ
Ирвæзт æмæ сæфтæн.
Мæ сурæ, мæ аят дæр –
Мæ мадæй талисман.

Мæ риумæ топп ныддардта
Æмæ зæгъы лæгмар
Тæрсынгæнгæйæ зал:
«Хъыпп-сыпп куы скæнат, уайтагъд
Ныззардзæн топп азан».

Йæ цæстытæм ын кастæн
Æмæ æдас уыдтæн:
«Нæ амардзыстут, уастæн,
Нæй фесафæн мæнæн.
Сымах æхсут æнустæ,
Цæвут сæ хуыды кард.
Мæн ма кæнут уæ хъузон,
Æз сабитæн дæн уарт.
Йæ хай дæн æз æнусæн,
Ислам мыл ном æвæрд!»

Æрхæццæ и фæстаг бон,
Цагъар кæдæй уыдтæн.
Нæ Хуыцаумæ уæларвмæ
Æз фидиуæг цыдтæн.
Æз байстон артæй мæргъты.
Мæ къухты ма тæлфынц.
Сæ сырх туджы æртæхтæ
Сæ базыртæй тæдзынц.
Уа саби йе сылгоймаг –
Æддæмæ сæ кæнын.
Нæ фидауы, нæлгоймаг,
Дыууæ мардæй тæрсын.

Фæлæ куы фехæлд дуне
Мæ къæхты бын хъæрæй:
«Æрбаздæх мæм, мæ лæппу,
Дæ Хуыцауы тыххæй!»
Ызды нæмгуыты бынты,
Æнтæф æмæ фæлмы
Йæ сидтмæ æз тындзыдтæн
Æвиппайды мæнмæ
Сывæллоны хъæр райхъуыст:
«Ислам, Ислам, æххуыс!»
Кæмæн хъарон мæ азым?
Кæй хатыр курон æз?
Хæрз гыццыл чызг. Ныккуыдта.
Уый рудзынгыл лæууыд.
Йæ къæбæлдзыг дзыккутæ,
Иконæйау – йæ уынд.

Чысыл сабимæ уæртæ
Ныхъхъавыди мæлæт.
Æмæ, мæ мад, ныртæккæ
Мæхиуыл нæу мæ мæт.
Фæцæуын ногæй арты.
Нæй раздæхыны бар.
Кæд нал хъæуын мæ царды,
Ивазын æм мæ арм.
У амонд – бахиз искæй,
Æххуысгæнæгæн сбæзз.
Фæрыстæн уын уæ рыстæй.
Ислам дæн, уе ’рвад, æз.

Мæ зæрдыл арт ныздыхсти,
Мæ риуы ахызт рыст...
Æрæджы мæм чи ’взыста,
Дæн уый нæмыгæй æхст.
Цы зоны ’нусон цардæн
Æнæуарзт зæрдæ, тутт?
Тæригъæд, хорздзинадæн
Ды раарфæ кæн, уд.

Мæ мад, дæ фын хъыгдарын,
Зæххы сидтмæ цæуын.
Ислам дæ уарзы, уарзы.
Дæхицæн ма кæ зын.
Мæн скъолайы уындзынæ:
Æз ногæй дæн цæрдуд.
Ды киномæ кæсдзынæ,
Ыскъуындзæн та дæ уд.
Дæуæн – мæ мидбыл бахудт,
Дæу – ме ’ууæнк æмæ уарзт.
Мæ уд фæндыры цагъдæй
Ныууромы йæ хъаст.
Мæ хъæстытæ рæмудзынц,
Зæрдæйау у сæ дзæхст,
Мæ куывдты артау судзынц.
Уымæл кæнынц йæ цæст.

**Дзæуæгигъæуи 1900 анзи 25 сентябри А.С. Пушкини 100-анзон юбилейи кадæн игонгонд æрцудæй Пушкинаг училище. Абони си ес Тауасити Сослæнбеги номбæл сувæллæнтти аййевадон училище.**



Фольклорон ансамбль «Чепена». Рахесæрдигæй цуппæрæймаг ЗОЛОЙТИ Майрæн.

# Æ УАРЗОН ЗАРИ ХÆЦЦÆ ИН ЗАГЪТОНЦÆ ФÆСТАГ ФÆНДАРАСТ...

Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, æма немуцаг фашистти æфсæдтæ нæ бæстæмæ ку 'рбампурстонцæ, уæд Дигоргомæй гулæригъæуккаг Золойти Габиц дæр рандæй райгурæн бæстæ гъæуай кæнунмæ. Æ рандæуни размæ изæрæй берæ зæрдиаг дзубандитæ фæккодта æ цардæмбал Даухани хæццæ, фæдзахста ин, хæдзари хабæрттæ куд хуæздæр кæнун гъæудзæнæй, сæйрагдæр е 'ргом цæмæ гъæуама раздаха, цæмæй бийнонтæ мацæмæй батухсонцæ, сæ цуппар хъæболи ирæзонцæ зæрдигъæлдзæг, æнæнезæй. Нифситæ æвардта æ бийнойнагæн, бафæразетæ, бабухсетæ, знаги тагъд фæссордзинан æма нæ фæстæмæ нæхемæ гъæуй, зæгъгæ. Уæдта авдæни рази æрлæудтæй, уоми адгин фунæй кодта æ кæстæр – æртæмæйдзуд Майрæн. Берæ имæ фæккастæй фидæ, уæдта арф ниууолæфтæй æма сабургай загъта: «Иннетæ хестæр æнцæ, сæхебæл фæххуæст æнцæ, фал мин аци минкъиймæ уæлдай устурдæр æргом раздахæ. Ку исæздæхон тугъдæй, уæд гъæуама иннети хæццæ мæ размæ раледза...»

Нæбал исæздахтæй Габиц, байзадæй тугъди будури, æ цард равардта Фидибæсти сæрбæлтау.

Даухан ба, куд Иристони, Уæрæсей мингай седзæргæс силгоймæгтæ, нæ байаурста æ хъауритæбæл, æхсæвæй-бонæй зæрдиаг куст кодта, цæмæй æ сабийтæ байрæзонцæ, сæ къæхтæбæл ислæууонцæ, царди аккаг бунат иссеронцæ.

Æнзтæ рацудæй, багъомбæл æнцæ Габиц æма Даухани цæуæт, сæ мадæн агъазгъон фæцæнцæ. Бийнонтæ ралигъдæнцæ Гулæрæй Заводи поселокмæ, исаразтонцæ уоми хæдзарæ, кæстæртæй алкедæр ахури надбæл æрлæудтæй, агурдтонцæ сæ зæрди фæндон дæснийадæ.



ЗОЛОЙТИ Майрæн

Майрæн сауæнгæ е 'взонг бæнттæй фæстæмæ берæ бауарзта бæгъатæрти адæмон зартæ. Æвзурста сæ æхуæдæг дæр зарунбæл, æма е 'мгæрттæ кудфæстæмæ феппайун райдæдтонцæ: хуæздæрæй-хуæздæр кодта æ зартæгæнæги æрмдзæф, киндзæхсæвæрти, кувдтити кенæ ба æрдзи гъæбеси сæ фæллад уадзгæй. Майрæн хъæбæр зæрдæмæдзæугæ ракæнидæ æ уарзон адæмон зартæ.

Уæдмæ ибæл æ цæстæ æрæвардта зундгонд композитор Цорионти Резван. Е еци æнзти исаразта фольклорон ансамбль «Чепена». Майрæни дæр имæ бакодтонцæ, æма си профессионалон зартæгæнæг иссæй. Ансамбли хæццæ хуарз зонгæ адтæнцæ айдагъ Иристони аййевадæуарзгутæ нæ, фал Уæрæсей алли къумти дæр, цалдæр хатти гастрольти рандæнцæ сауæнгæ фæсарæнтæмæ дæр – Болгаримæ, Чехословакимæ, æрбаздæхиуонцæ берæ хуæрзеугутæ æма лæвæртти хæццæ.

Майрæни репертуари адтæй дзæвгарæ аллихузон зартæ, фал уæлдай зæрдиагдæрæй кодта алли хатт дæр Хæмицати минкъий Хæмици зар. Ирон адæмон зартæ хуарз ка зонуй, еци адæймæгутæй берети гъудимæ гæсгæ, Хæмици зар рæсугъддæр æма аййевдæр ка кодта, уонæй еу адтæй Золойти Майрæн. Æхе зæрдæмæ дæр уæлдай хъæбæрдæр ке цудæй, уомæн ба æвдесæн æй еу хабар, ракодта мин æй Майрæни цардæмбал Теминæ. Аци анзи ноябри кæрони исæнхæст уодзæнæй дууæ анзи, Майрæн не 'хсæн кæдæй нæбал æй, уæдæй. Æма хъæбæр ку æрсæйгæ 'й, уæд æ хеуæнттæн балæдæрун кодта æ фæстаг фæндæ: куд райгъуса магнитофонбæл финстæй Хæмицати минкъий Хæмици туххæй æхе зар.

Хъæбæр берæ дзиллитæ æрæмбурд æй æ бониккон бони Золойти тургъи Майрæнæн фæстаг фæндараст зæгъунмæ. Куд не 'сæнхæст кодтайуонцæ хеуæнттæ сæ уарзон хестæри фæстаг фæндæ. Æма, саударæн митинги фæсте зари зæлтæ ку райгъустæнцæ, уæд тæккæ федарзæрдæдæр нæлгоймæгтæ сæ цæстисугтæ нæбал бауорæдтонцæ...

Идард кæддæр, сæдæгай æнзти размæ, равдиста æ лæгдзийнадæ, хъаурæ æма æхсарæ Хæмицати минкъий Хæмиц, зæгъæн ес, сабур доги царди уавæрти. Фал мæмæ уотæ кæсуй, æма нæ рагфидтæл, не 'рвадæ нæ рæстæги ку цардайдæ, аци змæнст æма тузмæг доги, уæддæр æгудзæгæй æхе нæ равдистайдæ æ Фидибæсти, æ адæми сæрбæлтау тох æма хабæртти.

***ХÆМИЦАТИ Морис***

## ХУÆРЗАУОДУНДЗИЙНАДÆ



### ЦÆМÆЙ ХАЙГИН УОНЦÆ ЦАРДИ ЦИЙНИТÆЙ...

Цæгат Иристони 2022 анзæй фæстæмæ ци регионалон проект «Æнæнездзийнадæ фæгъæддухдæр кæнуни медицинон реабилитаци» æнхæстгонд цæуй, е аци анз ба баргъондæргонд æрцудæй национ проект «Дæргъвæтийнæ æма сæрæн царди» фæрци. Нæ республики ин ес хестæр кари адæм æма сувæллæнтти медицинон реабилитаций æртæ къæпхæни. Хестæр кари адæми дзæбæх кæнунцæ Республикон клиникон сæйгæдони, кæстæрти – сувæллæнтти Республикон клиникон сæйгæдони.

Аци анзæй фæстæмæ медицинон реабилитаций мадзæлттæ æнхæст кæнунцæ æхсæрдæс медицинон косæндони, уони хæццæ 'нцæ сувæллæнттæ дзæбæхгæнæн æртæ косæндони. Еудадзуг косæг сæйгæдæнтти ес 277 бунати, бонигон сæйгæдæнтти ба – 239.

Аци куст æнхæстгæнæг медицинон косæндæнттæ ефтонггонд цæунцæ нуриккон аппараттæй. Зæгъæн, фарæ еци нисани хæццæ Республикон клиникон, Сувæллæнтти республикон, Горæтгæрон районi сæйгæдæнттæ, 1-аг поликлиникæ нуриккон ефтонггæрстæй банхæст кодтонцæ. Аци анз ба гъæвунцæ Дзæуæгигъæуи 7-аг поликлиникæ исефтонг кæнун, исæвæрдзæнæнцæ си 33 миллион сомей аргъ аппараттæ.

***Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради пресс-службæ***

РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆМБЕСÆН ÆЙ 345 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ




ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **560.** Заказ **№ 1989.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 12.09.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 12.09.2025.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.